ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№97 (23.255) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныбыщIа Iуэхуэмкlэ щыIэ жылагъуэ совет къызэгъэпэщыныбын теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЦIыхугъэмрэ нэмысымрэ, хэкур фIыуэ лъагъуным яхуэгъэзауэ къыдекlуэкI хабзэхэр хъумэн икIи гъэбыдэн, сабийхэмрэ щIалэгъуалэхэмрэ зэхэщIыкI лъагэ яIэу гъэсэн икIи ахэр щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм щыгъэгъуэзэн мурадкlэ **унафэ щещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныбыщIа Iуэхуэмкlэ щыIэ Жылагъуэ совет къызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныбыщIа Iуэхуэмкlэ щыIэ жылагъуэ советым теухуа Положениэмрэ а советым хэтхэмрэ къащтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м
№55-УГ

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ дэIэпыкlуныгъэ етыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэгъэкlыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 16-м Налшык къалэ №87-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэещI**:

2013-2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ дэIэпыкlуныгъэ етыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №202-ПП-мкIэ къыщIэкIа, зэхъуэкlыныгъэхэр хэлъхьэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
МУСУКОВ Алий

● Щыгъуэ пэкlу

Тхыдэм и дерсхэмрэ къэкIуэнум и нэхумрэ

Хабзэ зэрыхъуам тету. Адыгэхэм я Щыгъуэ-щIэж махуэм - накъыгъэм и 21-м - ипэ къихуэу, накъыгъэм и 20-м и пщыхьэщхьэм щIыхуэхэр щызэхуос Урыс-Кавказ зауэм зэкlуэдахэм я фэеплъым деж. Мы гъэми Гъащlэ жыгым деж Iуэху дахэ щекlуэкlащ. Лъэпкъым и щхьэ къикIуа мыгъуагъэм теухуауэ хэхэс, хэкурыс усакlуэхэм зэхалъхьа усэхэм къеджащ щIалэгъуалэри нэхъыжьыIуэхэри, уэрэджыIакIуэхэм гъыбзэхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ жаIащ. «Черкесский ренессанс» жыла-гъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм а пщыхьэщхьэм абдеж жьэрымэ щагъэури, къуей, Iэфыкlэ и гъусэу щагуэшащ. Пшыхьым кърихьэлIахэм я къэпсэлъэныгъэхэмрэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэмрэ зэфIэкIа нэужь, ныбжьыщIэхэм шэху уэздыгъэхэр пагъэнащ.

УРЫС-КАВКАЗ зауэм зэкlуэда ди адзэхьэм я щхьэр хуагъэщхьыну жэрдэм зиIэ psopи накъыгъэм и 21-м и пщэдджьжьым Налшык щызэхуэсащ. Адыгэ ныпыр, и бзэрэ и хабзэрэ яхъумэным къыхуезыджэ псалъэхэр зытетхахэр, яIыгъыу цIыхухэр иужь къиуваща адыгэ фащэкlэ зэщцыхуэпыкIа шууейхэм. Шы лъэ макъым зэман жьжьэхэм ихьыж гупсысэр нэхъри куу ищIырт Иуаз Зубер и шыкIэпшынэм къригъэкI макъамэм. Пщащэхэри щIалэхэри щыму ирикIуэрт Лениным и уэрамым. Махуэр нэщхъеягъуэми, гур игъэкIуэдырт экъым адыгэм ишэча мыгъуагъэ къомым кьелахэм кьащIэхьуауэ нобэ къызэхуэса щIэблэр зэрыкуэдым, я лъэпкъ фащэр ящыгъэр хабзэ яхэлъу я адзэкьэм зэрахуэщIыгъуэм. ЩIалэгъуалэм нэмыщI лъэс зекIуэм хэтт адэ-анэхэр, дадзкэр, нанэхэр, къулыкъущIэхэр.

А псори хуэмурэ щызэхуэсащ Кавказ зауэм зэкlуэдахэм я фэеплъым деж. Лъэпкъым и гущIэм къиIукI макъамэт абдежым къыщIеуэр, дэтхэнэми гурэ-псэкIэ а гуауэр зыхриГъащIэу.

Щыгъуэ зэхьихьэм къэкIуат КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, Парламентым и Унафэщl **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и Унафэщl **Мусуков Алий**, министрхэр, депутатхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъум теухуа щыгъуэ пэкlур къызэIуихри, цIыхубэм захуигъэзэну псалъэ иритащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

-Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Нобэ адыгэу дунейм тетыр мэщыгъуэ Кавказ зауэжьым хэкIуэда ди адзэкьэм папщIэ. Дэри, хабзэ зэрытхуэхъуауэ, Налшык дэт фэеплъым деж дыкъыщызэхуэсащ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - Зэман жьжьэм ди лъэпкъыр зыхэта гуауэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, илъэси 100-м щIигъукIэ екIуэкIа зауэжьым насыпынщагъэу къыттхуэдихьам дегъэгумэщI. Дауи, нэхъыбэу дигу щыхьэр джаур зауэжьым зи щхьэр хэзылъхьахэм нэмыщI, кьэнам я нэхъыбэр хэкум зэрырахуарщ. Ауэ адыгэр дуней псом тепхъа хъуами, абы кьэру къызэкъуихыфащ и щхьэр, и лъэпкъ хьэл-щэнхэр, и бзэр, и хабзэр ихъумэжьну. Мыхьэнэшхуэ иIэщ хэкум кьинахэр - Урысейм, хэхэс хъуахэр здэщыIэ къэралхэм я жылагъуэ-политикэ гъащIэм, псэукIэщIэхэм зэрыхэзэгъами. Нобэ дэ псоми къыдгуроIуэ Кавказ зауэр Урысей пащтыхьыгъуэм иригъэкIуэкIа политикэм къызэрикIуар икIи ар нобэрей Урысейм зыкIи етпхьиркъым, - жиIащ абы.

(КIэухыр 2-нэ нап. итщ).

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

IэIэтхэр йокIуэкI

● Хэхыныгъэ-2016

Накъыгъэм и 22-м екIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым кIуэну яхуэфащэу къыгъэлъагъуэхэр щыхахым ипэ кьихуэ IэIэтыр. Иджы а Iуэхум цIыхубэр хэтащ. Дэтхэнэ хэхакIуэми Iэмал иIэт депутат хъуну хуейуэ зыкъэзыгъэлъэгъуа зыбжанэм щхьэкIэ Iэ иIэтыну. Къызэрабжьамкlэ, Урысей псом цIыху мелуани 9-м щIигъу хэхьилIэхэм екIуэлIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ а махуэм хэхьилIэу 73-рэ щыIэжьащ, кандидат 11-м Iэ хуаIэтащ. Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №32-м епха хэхьилIэм и унафэщI Бауэ Чэзим дыщепсалъэм игъэщIагъуэу кьыхигъэщащ лэжьэн щыщIадзэну сыхьэти 8-м ипэжкIэ хэхакIуэхэр къызэрыщызэхуэсар. «ЦIыхур уэру кьэкIуауэ схужьIэнукъым, ауэ Iэ зыIэтыну ди хэхьилIэм екъеIуалIэхэм чэзу кьагъэхъуут. Сыхьэт 13-м ирихьэлIэу ди хэхьилIэм епха хэхакIуэхэм я проценти 8-м Iэ яIэтащ», - жиIащ Бауэм.

КъызэращыгъэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхьиныгъэхэм хэтыну хуитныгъэ зиIэхэм я процент 12,1-м Iэ яIэтащ, зыщIыпIи хабзэм къемызэгъэ къыщыхъуакъым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь, Iэ3тыр егъэкIуэкIыныкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI **Бозий Натбий** зэрыжиIамкIэ, къэралым щIалажьэ политикэ партхэм ящыщу «Урысей зэкъуэтым» и закъэщ мыпхуэдэ IэIэт егъэкIуэкIыныкIэ хуэхьэзырыр. «ЦIыхубэр зэхыныгъэхэм къызэрекIуэлIам нэрылъагъу ищIащ. «Урысей зэкъуэт» партым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр куэдым зэрыдаIыгъыр», - жиIащ Бозийм.

Хэхыныгъэхэм кьрикIуар зэIуцIэ щхьэхуэм кьыщапщытэжьнущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм топсэлъыхь

Урысейм и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм (ЦИК РФ) видеоконференц Iэмалыр кьыгъэсэбэну яджыбгъэ ирегъэкIуэкIащ УФ-м и Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым и хэхыныгъэ къызэзыгъэпэщынуэхмрэ щIыналъэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм папщIэ семинар.

АБы щытепсэлъыхьащ хэхыныгъэхэм ехьэлIа хабзэхэм щIэуэ халъхьахэми, а Iуэхум тетхыхыну журналистхэм къыхуагъэув мардэхэми. Псалъэм папщIэ, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым тетхыхьыну Iэмал иIэщ редакцэм мазитI мынэхъ мащIэ щыIэжьа дэтхэнэми.

УФ-м и Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым и депутатхэр фокIадэм и 18-м хахынущ. Абы екъэлIауэ къыхэзгъэпэщыпхъэхэрщ видеоконференцыр нэхъыщхьэу зытеухуауэ щытар. Семинарым щыжаIэм едэIуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхущ1ап1эм щызэхуэсат республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм.

- Журналистхэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитныгъэхэм мы гъэм къьхэхьуащ, Псалъэм папщIэ, хэхыныгъэхэр щекIуэкIым кIуэуэ щыIэжьэну хуитщ Iуэхум хэтыну зезыгъэха дэтхэнэри, - къыхигъэщащ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав. Абы щыгъуэми видеоконференцым щыжаIащ журналистхэм я лэжьыгъэм а маIуэхэм нэхъ ткIийуэ зэрыкIэлъыплъынур.

Урысейм и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщI Памфилова Эллэ гу лъаригъэтащ хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIыну щыкIэм теухуауэ ЦИК-м хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэ зэрыригъэкIуэкIым, Iуэху мыгурыIуэгъуэхэр зэхэбгъэкIыну уздэсалъэ хъун телефон хэха журналистхэм папщIэ мазэм щIигъуэу зэрыщыIэм. Апхуэдэуи ар кьытеувыIащ Урысейм и Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм Интернетым щиIэ сайтыр гугъу зэрызэхалъхьам, ар нэхъ гурыIуэгъуафIэ цIыхубэм я дежкIэ щIын зэрыхуейм.

- Iуэхум жэуаплныгъэ тхэлъу дыбгъэдыхьэн хуейщ, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм я псалъэм куэд елъытащи. Дыфщогуть Iуэхум и пажьпIэр щыхуэм я деж нэфхьэсыну, - захуигъэзащ семинарым хэтхэм УФ-м и ЦИК-м и секретарь Гришинэ Майе. Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ хъыбарегъащIэмрэ кIуэдежэныгъэмрэ зэрызэщхьэщыкIым, дэтхэнэми и гъунапкъэм уикI зэрымыхъунум.

КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм зэрыщыжаIамкIэ, мэкъуаузгъуэм и 2-м политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм зэхуэсхэр щекIуэкIынущ, хэхыныгъэхэм зэрыхуэхъэзырымрэ абы зэрыхэтынымрэ теухауэ щызэпсэлъэнущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2016 гъэм накъыгъэм и 26-м екIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Лъэпкъым и дамэ, лъэпкъым и напщIэ

Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ дыгъуасэ щекIуэкIащ лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьыкъ ин. Къалэм дэт «Планета» кинотеатрым къыщыщIэзрагъэпэщащ илъэс 16-м щIигъуэгу ди республикэм щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм 2016 гъэм кърикIуахэр наIуэ щащI, абы щытекIуэхэр, къыхэжаныкIахэр щагъэлъапIэ гуфIэгъуэ зэIущIэ.

ЗэХУЭСЫМ хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, зэпеуэм и жэрдэмщIакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Инжьыдокъуэ Сэфарбий**, а министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм и пашэ **Табыщ Мурат**, Iэнатlэм и IэщlагъэлIэхэр, нэгъуэщI къэрал Iуэхущ1ап1эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и кьалэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэр, зэпеуэм щытекIуа, абы жыджэру хэта сабий садхэм, курыт школхэм я унафэщIхэр, гъэсакIуэ пэрытхэр, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ Iэзэхэр, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Гуфlэгъуэ зэIущIэр ягъэдэхащ ди щIыналъэм и уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэхэу Уэзрокъуэ Чэрим, Тхьэзэплъ Залинэ сымэ, зэпеуэм хэта еджапIэхэм я творческэ гупхэм, кьэфакIуэ ансамблхэм.

Зэхуэсыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа тетынущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэралхэм я лъэщагъым зэрыхэхъуэм егъэпIейтей

США-м и армэм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я унафэщI генерал Карлайл Герберт егъэгузавэ, езым зэрыжиIамкIэ, «Урысейм зыкъыззэриужьыжьымрэ Китай хуабжьу зэрызахуигъэткIийм рэ».

«США-ри хуейщ а цIыналъэхэр и нэIэм щIигъэтыну, и сэбэп зыхэлъхэр абыхэм щыпхигъэкIыну. Урыс-сеймрэ Китаймрэ хэтщ Америкэр а щIыпIэхэм къыщрагъэкIуэту, езыхэм я закъуэу унафэ щащIыну, ауэ дэ а апхуэдэ къэдгъэхъу хъунукъым. Абы, дауи, ди зэпэщIэтыныгъэр нэхъ ткIий ищIынущ икIи ядернэ Iэщэ зиIэ я къэралхэм я зэхущIытыкIэр зэIигъэхьэнкIэ зыхуэIуа щыIэжьым уэгум кьыщыхъу зэныкъуэкъу нэхъ мащIэ дыдэми, - жиIащ Карлайл. - ЩытыкIэр зэIымыхьэн щхьэкIэ дэ быдэу дапыщIауэ дадзлэжьэн хуейщ урысей, китай дэз къулыкъущIэхэм».

Я фейдэ хэлъмэ зэпалъыт

Дызыхуэкlуэ илъэсым «Евровидение» конкурсыр щекIуэкIын хуейр Украинэрщ - а къэралым щыщ уэрэджыIакIуэ Джамалэщ мыгъэрей зэпеуэм щытекIуар. Абы и цIыхухэр иджыпсту щыщIэдзауэ Iогупсыс а Iуэхум мыльхуу текIуэдэнур къыздрахынум, зэпалъыт абы я фейдэ хэлъэ хэмылъэр.

Украинэм финансхэмкIэ и министр Данилюк Александр доллар мелуан 40-р я дежкIэ ахъшэщхуэIуэу кьелъытэ. Абы къызэрыкIэщащкIэ, зэпеуэр ирагъэкIуэкIыну нэгъуэщI къэрал хуит ящIынми егупсысынкIи хъунущ. Данилюк и Iуэху еплъыкIамкIэ арэзы хъуакъым къэралым и вице-премьер Розенко Павел. Абы къыхигъэщащ Украинэм а конкурсыр сыткIи зыхуей хуэзэу, екIуу, Iэтауэ къызэрызэригъэпэщынум шэч къызэрытримыхьэр.

Ахэр зэныкъуэкъуэх, Украинэм и президент Порошенкэ Пётр и сайтым тхыгъэ хуагъэхьащ, зэпеуэр я къэралым щрамыгъэкIуэкIыну къыхураджэу. Ар зытхам къызэрильтэмкIэ, «Евровидение»-р зэрырагъэкIуэкIын ахъшэ Дунейпсо валютэ фондым къаритыным ущыгугъыныр емыкIуц. А къыхуеджэныгъэм мазищым къриубыдэу цIыху мин 25-м Iэ щIадзэ, къэрал унафэщIыр абы хэмылIэну хуитхым. Ауэ абы унафэу трищIыхьынур езым и Iэхэужщ. Мыри Iуэхум къыхалъытэ языныкъуэхэм - Порошенкэ езыр цIыху кьулей дыщIэ икIи и мылъку хилъхьэу зэпеуэр и къралым щригъэкIуэкIынкIи хъунущ.

♦**Парк хэм я европэпсо махуэщ**
♦**Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ**
♦**1900 гъэм** «Аврора» кьуэкьыр псым япэу техьащ.
♦**1925 гъэм** дунейм кьытехьащ «Комсомольская правда» газетым и япэ номерыр.
♦Урыс тхакIуэшхуэ, Нобель, Ленин саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм тIуэнейрэ и ЛIыхъужь **Шолохов Михаил** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Иуан Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
♦ШэрджэсуаскIуэ, тхакIуэ **Анзор Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жащым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьазырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Узымыlэтыну къудамэм утемыувэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м къыдигъэкIа
Указ №55-УГ-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи пыщIа Iуэхухэмкlэ щыIэ жылагъуэ советым теухуа

ПОЛОЖЕНЭ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи пыщIа Iуэхухэмкlэ щыIэ жылагъуэ советыр (адэкlэ - Совет) зэпымыууэ лажьэ икIи цIыхугъэмрэ нэмысымрэ, хэкур фIыуэ лъагъуным хуэгъэзауэ къуддекIуэкI хабзэхэр хьумэнымрэ гъэбыдэныкъэ, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэхэщIыкI лъагэ ябгъэдэлъу гъэсэным, ахэр щэнхабзэм и хьугъуэфIыгъуэхэм щыгъуэзэ щIыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэр, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэр дин зэгухьэныгъэхэм, щэнхабзэ, хьугъуэфIыгъуэхэмрэ цIыхугъэмрэ зи лъабжьэ гъэсэныгъэ цIыхухэм егъэгъуэтыным зи зэфIэкIкIр хуэунэтIа адрей организацэхэм зэрапыщIар гъэбыдэным телажьэ чэнджэщэгъу органц.

2. Советым езым и лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ, апхуэдэу мы Положенэм къагъэувэжи тету.

3. Советыр къызэрагъэпэщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин организацэхэм, щIалэгъуалэ зэщIэхъеенигъэхэм, щIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ организацэхэм, спорт, щэнхабзэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, лъэпкъхэм я нэхъыжьхэр, бизнесым и лэжьакIуэхэр яхэту.

4. Советым теухуа Положенэмра абы хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къецIэ.

5. Советым и къалэн нэхъыщхьэхэм яцIыщщ:

щIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи пыщIа Iуэхухэм зэрыбгъэдыхьэн хуей щIыкIэм ехьэлIа Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм папщIэ гъэхьэзырыныр;

щIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи пыщIа Iуэхухэм зэрырагъаджэ, методикэ чэнджэщхэр гъэхьэзырыныр;

щIэблэр къыддекIуэкI цIыхугъэмрэ нэмысымрэ щIэпIыкIыным хуэгъэза егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ хэлэжьыхьыныр;

щIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи хуэгъэза граждан жэрдэму жылагъуэ мыхьэнэ зиIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ щIыныр, зыхуэфащэ Iуэхухэмрэ чэнджэщхэмрэ гъэхьэзырыныр;

граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэр къагъэсэбэпурэ цIыхугъэм, хэкур фIыуэ лъагъуным и хабзэхэр республикэм исхэм яхэлъхьэныкIэ дэIэпыкIуэгъуэ хьуныр;

дин, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным, жылагъуэ хабзэхэр къыщIэзэпауд къэмыгъэзхъуным, экстремизмэм и Iэужьхэр щIымыгъэIэным, фейдэ къэлэжьыным пымыщIа организацэхэм, къэрал властым и органхэм, бизнесым я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным телажьэныр;

щIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи, жылагъуэ кIэлъыплъныныгъэ егъэкIуэкIныным хуэгъэза социальнэ программэхэр, законхэм я проектхэр, нэгъэщIэ хабзэ мардэхэр зэхэлъхьэным хэлэжьыхьныр.

6. Къыбгъэдэхуэ къалэнхэр зэфIигъэкIын папщIэ Советым хуитыныгъэ иIэщ:

къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэмрэ якъулыкъущIэхэм я деж езыр зыхуей материалхэмрэ информацэмрэ щыщIэупщIэну икIи ахэр щыIэ хабзэхэм тету къаIихыну;

езым и зэIущIэхэм къэрал властым и органхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэмрэ я лIыкIуэхэм щедэIуэну;

цIыхугъэмрэ нэмысымрэ емызэгъ, залымыгъэм, наркотикхэр, фадэр къэгъэсэбэпыным, экстремизмэм хуэзущий тхыгъэхэр хэIущIыIу зыщIыну хущIэкъуэхэм, хабзэм къемызэгъ адрей Iуэхухэм япэщIэтыным, цIыхум и уэныншагъэмрэ и зэхэщIыкIымрэ зэрян хуэхъуным хуэгъэза Iуэхухэр къызэтегъэувыIэным теухуа лэжьыгъэхэм хэтыну;

цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэгъэза гъэсэныгъэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я деж щыIэ жылагъуэ советхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, къыпэмыщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэпэжьэну;

цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэну;

щыIэ хабзэхэм тету Советым и лэжьыгъэм къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, нэгъэщIэ организацэхэм я Iэщ1агъэл1эхэр къыхишэну.

7. Советыр къызэрагъэпэщ Советым и тхьэмадэр, Советым и секретарыр, Советым хагъэхьакIэ хиубыдэу икIи абыхэм я лэжьыгъэр пщIэнщэу ирахьэкI.

8. Къыпэщыт къалэнхэр игъэзэщIын папщIэ Советым хуитыныгъэ иIэщ зэпымыууэ лажьэ комиссэхэр, лэжьакIуэ гупхэр, къинэмыщI органхэр къызэригъэпэщыну икIи абыхэм щIэныгъэ Iуэхущ1ап1эхэм я экспертхэр, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iэщ1агъэл1эхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр къыхишэну.

9. Советым и секретарым:

Советыр зэрыплажьэну планхэр гъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ;

Советым и зэIущIэхэр егъэхьэзыр, абыхэм зыщщихэплъэну Iуэхухэр зэхелъхьэ;

Советым и зэIущIэхэм папщIэ материалхэр, а зэIущIэхэм я унафэхэм я проектхэр, къащтауэ щыта унафэхэр гъэзэщIа зэрыхъум теухуа информацэр гъэхьэзырыныр къызэрегъэпэщ.

10. Советым и зэIущIэхэр хуей щыхъум деж, ауэ илъэсныкъуэм зэ нэхърэ мынэхъ мащIэрэ ирагъэкIуэкI. Советым и зэIущIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм е Советым хэтхэм ящыщу абы зи пщэ дилъхьам ирагъэкIуэкI.

11. Советым и зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэкIэ абыхэм кьрагъэблагъэ хьунущ дин зэгухьэныгъэхэм, нэгъэщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, апхуэдэу къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я лIыкIуэхэу Советым хэмытхэри.

12. Советым и зэIущIэм и унафэм къару иIэщ абы Советым хэтхэм я зэхуэдитым нэхърэ мынэхъ мащIэр кьрихьэлIамэ. Советым и унафэхэр Советым хэтхэм ящыщу зэIущIэм щIэсахэм я нэхъыбапIэм Iэ зэрагъэтам тету къащтэ, протоколу ятхыжри, абы зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ щIедзыжь. Советым и унафэхэм чэнджэщ къару яIэу аращ.

13. Советым и лэжьыгъэр зэIуахуэ ирегъэкIуэкI икIи абы псори щыгъуазэ ещI. Советым и лэжьыгъэм щIыхуэхэр щыгъуазэ ящыщ папщIэ щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1ап1эхэр кьагъэсэбэп.

14. Къыззгъэпэщыныгъэ-техническэ лъэныкъуэхэмкIэ Советым и лэжьыгъэр зэтрагъуэвэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхухэмкlэ управленэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м къыдигъэкIа
Указ №55-УГ-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэблэр цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хуэущиныи пыщIа Iуэхухэмкlэ щыIэ жылагъуэ советым хэтхэр

КIуэкIуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Алътуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ зэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1ап1эм и ректорыр

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщIыр

Анаев М. А. - «Къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьныкIэ дэIэпыкIуэгъу «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщIыр

Беппаев М. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр

Беппаев С. У. - балъкъэр лъэпкъым я «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр

Бобылёв В. Н. - Урысей Православнэ члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием хиубыдэ Налшык округым и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэр

Борэ А. Хь. - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым социально-политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщIыр

Дзэмыхь Къ. ФI. - «Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ *(Советым и секретарщ)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусльмэнхэм я дин Iуэхущ1ап1эм и тхьэмадэр

ЗакIуий М. А. - «ДОСААФ» урысейпсо жылагъуэ къэрал зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыIэ и щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Иуан П. М. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщIыр

Канунников А. Д. - «Урысей тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Кхъуэлуфэ И. Б. - «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦIыхубзхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр

Котляров В. Н. - «Урысей географие зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэр

Къуныжь А. Ю. - Налшык къалэ округым и «Сабийхэм эстетикэ зэгъэныгъэ егъэгъуэтыныныкIэ Къэзаностуэ Жэбагъы и щIэр зезыхьэ къалэ центр» щIэныгъэ гуэдзэн муниципальнэ кIэзонэ Iуэхущ1ап1эм и унафэщIыр

Любуня Н. Г. - «Тэрч къэзакъыдзэм и Тэрч-Балъкъ округ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIыр

Опрышкэ О. Л. - «Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iуэхущ1ап1эм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьыр

Пщыхьэщ Iэ Щ. А. - «Дунейпсо исЪам Iуэхущ1ап1э» дин зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Рахаев А. И. - «ГъуэзджэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1ап1эм и ректорыр

Тхьэзэпгъыж М. Тl. - «Урысейм и Пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Пенсионерхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и правленэм и тхьэмадэр

Хьэфыцlэ М. М. - «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Чочаев Ш. Ю. - «Абу-Хьэнифэ Iимамым и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ исЪам университет» дин щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ1ап1эм и ректорыр

Шабаев Л. М. - Налшык къалэм и бгырыс журтхэм я дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

Шинкаревэ Н. П. - «Тхьылъыр фIыуэ зыльагъуэм я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIыр

Тхыдэм и дерсхэмрэ къэкIуэнум и нэхумрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап).

- Блэкlар зыщщыдгъэгъупщэ хъунукъым, тхыдэм дерс кьыхэтхIэрэщ ди къэкIуэнур убзыхуа зэрыхъунур, - къыпищащ Сэхъурокъуэм. - Ауэ абы папщIэ куэд зэпэтлъытын хуей мэхъу, нэхъ кууэ дыгупсысапхъэщ. Иджырей геополитикэ Iуэхухэм дыззэгъэн, нэгъуэщIхэм я мурад фIейхэм папщIэ дыкъамыгъэсэбэпын щхьэкIэ, ди тхыдэм фIыуэ хэтщIыкIын хуейщ. ЯэныкIуэ къарухэм ди щIалэгъуалэр гъуэгу пхэнж трагъьэувэну, зэпэщIэувэныгъэхэм хашэну ирагъэкIуэкI Iуэхухэм лъабжьэ едгъэлщ хъунукъым. Адыгэр гуауэ куэд зыльэгъуа, блэкIам Iущ ищIа лъэпкъщи фIым, дахэм, мамырыгъэм я мыхьэнэр къагурорIуэ. Нобэ хамэ къэрал куэдым дыщыпсэуми, дэ быдэу дызэрапх хэхэсхэми хэкурысхэми я псэм хэлъу къэгъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэм.

Дэтхэнэ зыри кьыхуэздэж блэкIам кьытхуихьа гуныкъуэгъуэр зыщыдмыгъэгъупщэу нобэ кьыдэкIуэтей щIалэгъуалэр лъэпкъым хуэпэжу дгъэсэну. Гуауэм и закъуэкъым абыхэм яхэтпщэн хуейр, атIэ лъэпкъым сыт щыгъуи хэлъа псэ кьулеягъэр, къаруурфIагъэр, шыIэныгъэр, Iущагъэр ябгъэдэтлъхьапхъэщ. Мис абы щыгъуэщ ди щхьэр Iэтауэ къэкIуэнум дыщыхэбжьэкъуэнур, ди республикэр, Урысейр едгъэфIэкIуэн папщIэ зэфIэкI кьыщытлъыкъуэкIынур.

Сэхъурокъуэм фIыщIэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис нэгъуэщI лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм Щыгъуэ махуэр къызэрыдагъэшым щхьэкIэ икIи апхуэдэ гуэзвэгъуэ афIэкIа зэи зыми и нэгу щIэмыкIыну хъуэхъуащ.

Сыхьэт 12-м щынэблагъэм, Кавказ зауэм эжкIуэдахэм дуней псом зэуэ щыхуэщIагъуэ дакъикъэм, щIыхубэр щымащ. А дакъикъэм зэпищIащ Урысей Къэрал Федерацэм адыгэ щIыпсэу и хэгъуэгуищыр, ди лъэпкъ къэгъуэгр зэрыс къэрал пщIы бжыгъэхэр. Дэ тлъагъур Налшык къыщызэхуэсахэрати, ГъащIэ жыгым и лъабжьэм щIэт адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэхэм, жыьбгъэм дэхуарэр бэракъхэм, гъуэм игъаджэ бжьамиим гурыщIэ куэд къызэщIаIэтэрт.

Пэкlум къыщщызэхуэсахэм дыуэ ящIащ, зауэшхуэм хэкIуэда ди адажьхэм жэнэтыр унапIэ яхуэхъуну хуэхъуэхъуахэщ. КъБР-м и къэрал къулыкъущIап1эхэм, район администрацэхэм къикIахэм удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ фэепльым.

Щыгъуэ махуэр абдежым щиухакъым. Абы хэтахэр епIащ Сэрэлъп Мадинэ и Арт-Центрым къыщызэрегъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм. Абы щызэхуэхьэсат 1908, 1914 гъэхэм Екатеринодар къыщыдэкIауэ щыта альбомхэм ит сурэтхэр. Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщщ ахэр. А илъэсхэм Екатеринодар адыгэхэм псапэ ящIэн папщIэ щрагъэкIуэкIа пшыхьхэм щытраха сурэтхэм купщIэшхуэ яIэщ, гъэщIэгъуэнщ а зэхьыхьэхэр къызэгъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуа Iуэхугъуэхэри. А псоми зыщывгъэгъуэзэныкIэ, зы лIэщIыгъуэ ипэ траха сурэтхэм кьищ адыгэ цIыхухъуэхэмрэ щыхубзхэмрэ зэвгъэлъагъунымкIэ, абыхэм ящыгъ фащэхэр нобэрейхэм евгъэпщэныкIэ хуабжьу Iэмалыфlщ сыт щыгъуи щIэщыгъуэ гуэркIэ дызыгъафIэ Сэрэлъп Мадинэ утыку кьрихьахэр.

Щыгъуэ пэкlум хэтахэр епIащ Лъэпкъ музейм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэмэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ музейм гъэлъэгъуэныгъэ щокIуэкI.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэмрэ

• ДАХ

Накьыгъэм и 19-м Дунейпсо Адыгэ Хасэм Налшык щригъэкIуэкIащ щIэныгъэ-практикэ конференц. ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщащ 2016 гъэм накьыгъэм и 20-м илъэс 25-рэ зэрырикъум ирагъэхьэлIа конференцыр теухуауэ щытащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымрэ лъэпкъ щэнхабзэхэм зегъэужьынымрэ.

ЗЭХЫХЬэМ хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтыныныкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Къэзанш Людмилэ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир**, КъБКъУ-м и проректор **Къэжэр Артур**, тхыдэдж, щIэныгъэлI **Къущхьэбий Анзор**, КъБР-м ис Мусльмэнхэм я Iуэхущ1ап1эм и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, Христэн члисэхэм я благочиннэ **Бобылев Валентин**, нэгъуэщI Iэщ1агъэл1эхэр, хамэ къэрал къикIыжа ди лъэпкъэгъуэр, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр, студентхэр.

Конференцыр къыщызэIуихым Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиIащ зы щIыналъэ здис лъэпкъхэр зэгурыIуэ-здзэIуэжу псэун папщIэ къэрал унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, щIэныгъэлIэхэр жыджэру зэрызэдэлэжьапхъэр.

- Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къалэн нэхъыщхьэу къэслъытэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр гъуныгъэ зэхуэщIыныкIыр, абыхэм пщIэрэ гулъытэрэ я зэхуаку дэлъынымтелэжьэныкIэ, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм. - Абы фIы куэд къыпэкIуэнуц, дыщыпсэу къэралыр нэхъ быдэ хъунымкIи сабэпыщхуэщ. Апхуэдэ дыдэуи къэрал властым гулъытэ хэха хуищIыпхъэщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къилъытэн хуейщ абыхэм я Iуэху еплъыкIэр, зыгъэпIейтейр. Псори дызэрыщыгъуаз3щи, лъэпкъхэр щызэгурымыIуэ, диныр залымыгъэм щыхуагъакIуэ щIыпIэхэрщ щIэпхъаджащIэхэр щыятэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм ирегъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьыным, тхьэмадэм жиIащ ДАХ-р адыгэ щэнхабзэмрэ лъэпкъ хъугъэфIыгъуэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьыным иужь зэритыр, адыгэм ифI зыхэлъ Iуэхухэм я мызакъуэу, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъын хуей зэнымбжьэгъугъэми гулъытэ хэха зэрыхуищIыр.

Режиссёр цIэрыIуэ, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** тепсэлъыхьащ лъэпкъ щэнхабзэр егъэфIэкIуэнымрэ дин зэмыщхь зэзыхьэхэм я зэхущытыкIэфIымрэ лъабжьэ хуэхъуам. Ар къытеувыIащ Щэнхабзэмкlэ фондым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр зыхуэдэм, абыхэм жыджэру зэрыхэтыр республикэм ис лъэпкъхэм ящыщхэр. КъищынэмыщIауэ, Вэрокъуэм къыхигъэщащ нобэ зи гугъу ящI Iуэхугъуэм и купщIэр и Iэдакъэщ1экI тхьылъэми лъабжьэ зэрахуэхъуэр. Зытепсэлъыхь Iуэхур «Амыщ къуажэ» романым щыпхыша гупсысэхэм я зэгухьэныгъэ зэрыщытри игъэбелджылащ.

КъБР-м ис Мусльмэнхэм я Iуэхущ1ап1эм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим** жиIащ къызэрыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным емылъытауэ, цIыху псори Тхьэшхуэм зэхуэдэу къызэригъэщIар. Ар цIыхубэм къагурыIуэу, зыр адрейм нэ Iейкlэ емылтIу, емыпагэкIыу, гурэ-псэкIэ зэхуэIэфIу зэрыщытыпхъэр.

Лъэпкъ зэхущытыкIэрefIэкIуэн папщIэ республикэм щызэфIах Iуэхухэм кьытеувыIащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**. КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къэзанш Людмилэ** тепсэлъыхьащ зи гугъу ящI Iуэхум теухуауэ ди лъэхэм кьыщыдэкI газетхэм, журналхэм, телевиденэхэмрэ радиомрэ зэфIагъэкI лэжьыгъэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм ЩIыналъэ политикэмкlэ и управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём** жиIащ ди республикэм лъэпкъэр щIыпIэщIэувэн щхьэусыгъуэ инхэр зэрыщымыщIэр, къапщтэмэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр кьызэрыщымыхьум федеральнэ къулыкъущIап1эхэми гу зэрылъатэр. «ЩыщIэныгъэ гуэрхэр зимыIэ щыIэу къыщIэкIынкъым, ауэ нобэ зи гугъу тщIа Iуэхур лъэпкъ куэд щызэхэс ди лъэхэм зэрыщытэмэмым гур хегъахъуэ», - къыхигъэщащ Къуэжейм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Хэхэсхэр

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№93-94-хэм ярытщ)

- Кхъухьыр вгъэуфэрэнкІынущ: зы натІэм фемыуваліэ псори! - къаХуэгубжащ къхъухьыпщыр.

- Фльагъуркъэ бгыхэр! - кхъухьыпщыр кьыфІэІуэхуакъым щыхъум. - Мор Іуащхьэмахуэнхьэ! Ди хэкум дыкъашэжа кхъысфІощІ!

- Щыгугъ абы! Бэлъкъаныращ дыкъыздашар, - жиІащ Багъ Мэсхьэб.

Кхъухьым икІа къудейуэ, шууищ къаІуащІащ. Шухэр епсыхащ.

- Сэлам алейкум! - жиІащ зым.

- Уалейкум сэлам!

ФІэхъус къезыхам ищІэ хъунт зрихьэлІахэр зэрышэрджэсыр. ИтІани къеупщІащ:

- Фышэрджэс? Фымуслъымэн?

- Дышэрджэсщ. Дымуслъымэнщ, - иратыжащ жэуап. - Мыбы дыщыпсэуну къыджаІащ. Араш дыкъыщІашар.

- Урысхэм я пэлпкъэгъущ мыр зи лъахэр. Урысхэращ фэ фи хэкум фыкъызыхуар, - адыгэбзэкІэ къэпсэлъащ тырку нэщхъыдзэр. - Мыбы фыкъыщІашар фагъэззэуэн щхьэкІэщ. Филь фщІэжьнумэ фльэкІ къэмысгъанэ.

Тыркур адыгэбзэкІэ къаззрепсэльар ягъэщІэгъащ. Ар щынэсыжьым кІэлъыджаг:

- Зэ фымыпІащІэт! Адыгэбзэ дэнэ щыфщІэрэ фэ? Мыхъуми, фи цІэр къыджефІэ, зыкъэдвгъэщІыхэу.

- Нэхъ иужькІэ. Дэ гъуэгу дытетщ, допІащІэ. ИтІанэ дыззэрыщІыхунщ.

Шууищыр ежьажащ.

- Дагъэззэуэн щхьэкІэщ жыпІэркъэ мыбы дыкъыщІашар. Къэтхуэупсащ жыпІэркъэ, - жиІащ Чэрмытl, шухэм якІэлъыплпъуэ.

МуІэзиным и макъи тхьэгъуш макъи къэІуащ асыхьэтым.

- Мы къуэм чыристэни муслъымэни дэсщ. Дахэззгъэни дахэмызэгъэни, - жиІащ Чэрмытl.

Адыгэхэр зэрыхамэгу-хамащхьэт. ЩыгугъыкІакъым псэупІэ яхуэхъуам: къуэ кІуэщІщ, уэлбанэ кІыхь дэтэгъэнщ мы къуэм - псымэр къыдех.

Щэджагъуэм пшагъуэм зиІэтыжри, жыг псыфхэр къыщІэщыжащ. Бжей, жыгей, кІей - я хэкум щыкуэдщ апхуэдэ жыг домбейхэр.

Пшагъуэр зыщхьэщыкІа жыгхэр щалъагъум, я хэкур я нэгу къыщыІыхьэжащ Чэрмытl къетІысэкІауэ мэз лъапэм щызэхэсхэм.

- Ди хэкур дыбгынэн хуеякъым, - и псалъэм пищащ лІыжьым. - Дымыбгынэн тлъэкІынут, ди фІэщщамэ. Жэнэтыр къытпэплъэ ди гугъащ кхъуухьым дыкъыщитІысхьэм. Зауэм дызэзыдами зыгуэрэрэ дыгурыІуэнт, дызэрымыукІын тхузэфІэкІын хуеящ. Ди адэшхуэм и псэлъафэр сигу кьоІкІыж: шыщхьэр пІэщІэкІамэ, шыкІэм укІэлъымыпхъуэж... Араш ди Іуэху зытетыр. Сэ илъэс пщІейм сыщхьэдэхьжащ, си гугъэр зэхсыжащ хэкум згъэззэкыным - апхуэдэ къару сиІэжкъым. Фэ фыщІалэщ, фи къару илъыгъущ. Фэ флъэкІынущ вгъэззжьн - ар зыщыбмыгъэгъупщэ, фи гугъэр хэвмыхыж. Гува-щІэхами вгъэззж. Си щІалэ закъэмэи аращ жеслар, и тхьэкІумэр хуэскъуэзащ. И гум илъыр сигъащІэркъым армыхъу. Хьэрунщ жыхуэсІэр. СыззхищІыкІыркъым, си псалъэм къедаІуэркъым - ар сигу кьоуэ.

Псалъэр зэпигъэури, лІыжьыр зауплкІэ щымащ. И щхьэр кьиІэтыжри, джабэмкІэ плъащ: мэл хъушэ кІэрытт джабэм.

- Мэлыхъуэм дыхуэзамэ, ягъэкІынутэркъым, - зыкъиІэтащ лІыжьым.

- Уи нэ кьикІмэ, дыхуэзэнщ. Ар джаурщ, - жиІащ Хьэжрэт.

- Псом япэрауэ, щыхуэ. ДызэхищыкІынщ.

- Дауэ дызэхищыкІын: и бзэр тщІэркъым, ди бзэри езым ищІэркъым.

- Зигу фІы илъыр арыншэми зэрыщІэнущ, - Хьэжрэт. Урысхэм я лъэпкъгъуэмэ, зыгуэрэрэ сыгурыІуэнущ сэ.

Мэл хъушэм щынэблагъэм, мэлыхъуэхьэшхуэ кьапежьащ. Уэзпкъридыну хьэзырт мэлыхъуэхьэр. Мэлыхъуэр кьыщыщІэкІием, хьэм ІуигъэзыкІыжащ, и кІэ бацэр диупщІэжри.

Чэрмытl нэхърэ илъэситl-щыкІэ нэхъыщІэнт мэлыхъуэр.

- Фыкъеблагъэ! - жиІащ мэлыхъуэм. - ХьэщІэ фытщІынщ.

- ФІым дыхуиблагъэ, - мэлыхъуэм и Іэр иубыдащ Чэрмытl. - Хьэ губзыгъэщ уи хьэр.

- Сэ Стефанщ си цІэр.

- Сэ ЧэрмытІкІэ кьызоджэ. Си гъусэм и щІэр Хьэжрэтщ. Дэ дышэрджэсщ. Кавказым дисащ, аращ ди хэкур, мыбы дыкъашащ иджы, - жиІащ лІыжьым.

- Черкес... Кавказ...

Щэрджэсхэми Кавказми я хьыбар зэхихауэ щыгъуазэт болгар мэлыхъуэр.

- Си къуэрылъхум фи гугъу кьысхуищащ. ФытІыс, дызэдэшхэнщ. ЩІакъуи, мэлыри, мэл хъуэри сиІэщ. Шей фхуэзгъэвэнщи, теффыхьыжынщ. Фи гум фІэпихынумэ, аркъэи сиІэщ. Фэ фымуслъымэнщ, фадэ фызэремыфэм сыщыгъуазэщ... Мес, си къуэрылъхури къэсыжащ.

Илъэс тІощІрэ тхурэ зи ныбжьын щІалэр шууэ кьабгъэдэкІуатэри епсыхащ. ХьэщІэхэм ней-нейуэ къаХуеплъэкІащ Борис, Стефан и къуэрылъхур. ЛъэныкъуэкІэ ІукІуэтыжри, пхъэ кьутапІэм хэуващ.

- Бысым щІалэм игу дрихьакъым, - жиІащ Хьэжрэт. - Мыхъуми, ди Іэр къиубыдын хуеякъэ?

- УемылапІэ: дэракъым зыгъэсари зыущияри, - жиІащ Чэрмытl.

Стефан и къуэрылъхум еджащ.

- Пхъэр итІани пкъутэ мэхъу, си щІалэ. Къабгъэдыхьи, ди хьэщІэхэм я Іэр къэубыд, сэлам къех.

- Щэрджэс басурман си щыпэльаГъу сэ! - жуэап къидзыжащ щІалэм. - Ахэри ди деж къэзышахэм нэхъэ нэхъ щІагъэхъым...

- Уи жьэр зэтепІэ, емыкІу жумыІэ! - хуиІащ Стефан и къуэрылъхум.

Щ1алэм зы псалъи къыпидзыжакъым, шэсри мэлыхъуэ пщыІэм текІащ.

- Уи къуэрылъхум игу дрихьакъым, - жиІащ Чэрмытl, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ къызыдигъэсэбэпуэрэ. - Дэри фэ дыфхуэдэщ, дыІэщыхъуэщ, аращ уи мэлыхъуэ пщыІэм дыщыблэмыкІыфар. Дэ тщыщ гъэрым и жагъуэ ищІауэ пІэрэ уи къуэрылъхум?

- Фигу евмыГъабгъэ, - жиІащ Стефан, нэщхъей къэхъуауэ. - Абы и адэр, си къуэр, тыркуэм нэгъабэ кьаукІащ. Аращ щІалэр абыхэм ятепльэ щІэмыхъуэр. Куэд тхауКІыкІащ тыркуэм: си адэри, си адэ къуэшри, си щыкъу адэри. Ди жьылэм щыщ куэд яІэщІэукІащ тыркуэм. ИтІащІэ лъандэрэ дызэбийщ тыркуэмрэ дэрэ - псэупІи псэхупІи кхыдатыркъым. Тырку жылагъуэ ди гъунэгъуу кьраГъэтІысхьащ. Фэ мыбы фыкъыщІашами щхьэусыгъуэ иІэщ. Тыркуэмрэ дэрэ дызэлъэпкъэгъукъым. Абы щхьэкІэ дызэрыукІын хуей?

Хьэжрэт зэгупсысыр болгар лІыжьым и кхуэрылъхурт: «ХьэщІагъэ кхыдихьн дэнэ къэна, и нэр кьытхуэзэригъэдзэкащ. ЛІыжьым и напэри трихащ щІалэ нэмысыншэм».

Бэлгъар лІыжьым и псалъэр кхъугурыІуэртэкъым Хьэжрэт.

- Сытыт лІыжьым жиІэр? - еупщІащ Хьэжрэт Чэрмытl.

- Сэ кхъызэрызгурыІамкІэ, дэ тхуэдэ Іэнатіэ Іутщ мыхэри, - жиІащ Чэрмытl. - Хамэр пщы къахуэхъуащи, я щхьэр къаригъэІэтыркъым.

Чэрмытl зыкъиІэтащ.

- Ди бысымыр уэахуэщ, - жиІащ абы. - Дунейр инщ, угъуэщэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. Уи кхуэрылъхум дигу ебгъэркъым, кхыдгуроІуэ и Іуэху зытетыр. Уэри уигу иомыгъабгъэ, зэрыгъэдзэкІащ. ЛІыжьым и напэри трихащ щІалэ нэмысыншэм».

Бэлгъар лІыжьым и псалъэр кхъугурыІуэртэкъым Хьэжрэт.

- Сытыт лІыжьым жиІэр? - еупщІащ Хьэжрэт Чэрмытl.

- Сэ кхъызэрызгурыІамкІэ, дэ тхуэдэ Іэнатіэ Іутщ мыхэри, - жиІащ Чэрмытl. - Хамэр пщы къахуэхъуащи, я щхьэр къаригъэІэтыркъым.

Чэрмытl зыкъиІэтащ.

- Ди бысымыр уэахуэщ, - жиІащ абы. - Дунейр инщ, угъуэщэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. Уи кхуэрылъхум дигу ебгъэркъым, кхыдгуроІуэ и Іуэху зытетыр. Уэри уигу иомыгъабгъэ, нэмысыншагъэ дэплъагъуами, зыхуэгъэшэч. Фи мэл хъушэр иребагъуэ. Фымыгужьей закъуэ. ФышІэгужьеин щыІэкъым. Мо бжьэпэр псэупІэ тхуэхъуэщ, ди Іугъуэ зэдикІын си гугъэщ. Гъунэгъу дышцІэзхуэхъажащ, си дыздэпсэунщ, адыгэм зэрыжьитІащи, ди псэр зы чысэм илынщ. Фи Іуэхур Тхьэм иригъэфІакІуэ, фи насыпыр фи жагъуэгъум трырекІуэ. Дэ дежьэжынщ.

- Зэ умыпІащІэт, Чэрмытl, - жиІащ мэлыхъуэ лІыжьым. - Гъэмылэ здэфщтэ. Мэлыл гъэгъуа, кхъуей, щІакхъуэ, шыгъу. Куэд дыди хьэрыкъым, емыкІу дыкъэмышІ - ди унэ дисыжамэ, хьэщІагъэм фэтхынти, фхуэфащэкІи дыфхуэпупсэнт.

ЧэрмытІрэ Хьэжрэтрэ мэлыхъуэ пщыІэм къыщІтекІыжам пшапэ зэхэуэгъуэ хъуат. Зы жещэрэ зы мазухэкІэ зэпыуатэжьым уэшхыр, гъэзэгу гъэмахуэкІэ дыгъэми хуэгъэгъущжьатэжьым.

Хьэжрэт зэпІэкІащ.

- ЩІалэм и нэр тгригъэкІыркъым, пщыІэм къыштехьэжащ. Хьэр къыщымыуташцэрт.

- Мы щІалэм уигу щхьэ ебгъэ? - пыдыкъэшхыкІащ Чэрмытl. - Тыркуэращ ар зытеплъэ мыхъур. ЩхьэусыгъуэІэ иІэщ. И адэри и Іыхьлыхэри кьаукІащ тыркуэрэ - аращ мэлыхъуэ лІыжьым къызжиІар.

- Абы адэшхуэ иІэщ. Сэ зыри сиІэжкъым: ди лъэпкъыр зэтраукІащ, зыри къагъэнакъым. Мэсхьэбэрэ уэрэ тхьэразэ къыхфхуэу: фи нэІэ стевгъэжІакъым, сыкъэфхъумащ. Фэращ сызышцигугъыр. Ар сщыгъупщэнукъым сэ, - жиІащ Хьэжрэт, и нэпсым кьызэпижьыхьауэ.

Балканым япэ кхъухьмкІэ яша адыгэхэм щы Іыхьэ къратащ, унэ, псэуалъэ щащІын щхьэкІэ. Мэлыр щыкуэдщ мы щІыпІэм, адыгэхэми ягъэхъунщ мэл хъушэхэр, Іэщи зэрахунщ.

Кьуэм дагъэтІысхьащ адыгэхэр, гъунэгъу яхуэхъуащ абы щыпсэу болгар жылагъуэхэм.

ЕтІуанэ кхъухьымкІэ къашахэм нэгъунэ псэупІэ хухахащ, ахэр верстищэ хуэдизкІэ япэжьжьэ хъуащ.

Болгар, тырку жылагъуэхэр щыкуэдщ мы щІыпІэм, Тырговиште кьалэ щыкІыр япэжьжьэкъым. УнафэщІэхэр зыдэсыр Шумлэ кьалэщ, ари верстищэкІэ япэжьжьэщ, лъэсу уежьэмэ, щІэх унэсынукъым. Шур махуэ ныкъуэм нос, Іъуэгум щхьэусыгъуэ гуэркІэ щымыгувэмэ. Шумлэ уи хьэтыр кьыщамылъагъумэ, Варна ирагъэкІуэ. Абыи къыщимыкІрэ уи кІэн Бургасрэ Созополрэ яблэкІи, Истамбул кІуэ. Истамбыл сулътІаныр дэсщ, абы и Іэмыщ1э ильщ Тыркури Болгариери.

Илъэс щищым щІигъуащ болгархэр тыркуэм я унафэм, нэхъ белджьлыуэ жыпІэмэ, я лъэгум зэрыщІэтрэ. Тыркубзэр я анэдэлъхубзэм хуэдэщ, я фэкІи ещхь хъуащ тыркуэм.

Зыгуэрым ущІэлъэІун щхьэкІэ, Истамбул ущІыгъуэ, къыпхуащІэнышхуи щыІэкъым - нэхъыбапІэм деж узэрыкІуам ухущІегъуэжауэ къэбгъэзэжьынкІэ мэхъу. Болгархэм я закъуэкъым тыркуэм я лъэгум щІэтыр. Адыгэ насыпыншэхэми арауэ къыщІэкІынщ къапэплъэр. Мыбы нэс къаІэри болгархэм хакІутащ адыгэхэр, езы дыдэхэми къагурыІуэркъым ар я натІэ щІэхъуар. Я щхьэм илъ зэпытщ а упщІэр: сыт щхьэкІэ къаша мыбы нэс? Щэч къызытрамыхьэращи, мыбы нэс къыщІашам, болгархэм щыхасэтІысхьам, дауи, щхьэусыгъуэ иІэщ. Тыркум щхьэ къыщрамытаръ щы? Адыгэ куэдыкІей къэІэпхъуащ Тыркум, я хэкужьри нэхъ щапэблагъащ Тыркум...

Я хэкум, Щэрджэсым, иратэщщ Болгариер: бгылъэщ, мэз щыкуэдщ, къуакІэбгькІэщ, уэсыр зэи щымыткІу къуршхэр къащхьэщытщ.

Я хэкужьым ещхьми, есэркъым Болгарием. НэгъуэщІ лъахэщ ар, езыхэр щыхамэгу-хамащхьэщ.

Болгархэр къащІигуфыкІакъым адыгэхэм, нэмыпІ къезытар мащІэкъым. «Дэнэ фыкъэкІа? Емынэм фыкъэнха!..» НэгъуэщІ къыпхужаІэн? Дауи ирехъу, хуэм-хуэмурэ яхэзэгъащ болгархэм. Яхэзэгъами, зэкІэлъыкІуэркъым. Болгар жылэхэм япэжьжьэкъым адыгэхэм псэупІэ яхуэхъуар. Мэз лъапэм къуажэ щІыкІу щахуэхуащ, псэуалъэ, унэ ящІ - Іуэхур я щхьэм къос. Я Іэр увыІэрэкъым хэзэсхэм. Хэхэсущ зыззэралъытэжьыр. ЗыхэтІысхьами нэгъуэщІ къыфІащынукъым - хэхэс. Я жьлэ щыкІури щІэнэщщ зэкІэ - щІэ гуэр афащын зэрыхуейр я пщІыхьэпІэ къыхэхуакъым. Я акъыл хунэсакъым абы - мафІэм хэт пэлъытащ.

ЧэрмытІрэ Багъ Мэсхьэбрэ махуэ къэси зэІуощІэ. ЛІыжьым и мащІэкъым зыщІэупщІэн.

- КъызгурыгъаІуэт, Мэсхьэб: болгархэмрэ дэрэ ди бзэри зэтехуэркъым, дэ дымуслъымэнщ, болгархэр джаурщ. Тыркуэри муслъымэнщ. Лъэпкъищри дызэпхжьжьэкъым, иджьпсту дыщыпсэум тепщІыхьмэ. ИтІанэми дызэрыщІэркъым, дызэкІэлъыкІуэркъым, дызэкІэлъхьжьэркъым. Тыркуэмэи болгархэми дафІэІуэхукъым. Я жьэм пщІэ щІатІынукъым: «Дауэ фыпсэурэ, дауэ фехъулІэрэ? Фызыхуэныкъуэ щІэІэ, фызыщыщІэ щыІэ?» Сигу ебгъэркъым Стефани абы и къуэрылъхуу щІалэми - ахэр христэнщ. Тыркуэрэ муслъымэнщ, итІани нэмыпІэ къыдат, а пщІыхьэпІэ дыкъыхэхуэркъым. Сыт ар къызыхахьр, сытым хуэпхь хъуну?

- КъыткІэлъыплъ, дызэрагъэщІыху хъунщ...

Багъ Мэсхьэб и пІэкІэ жэуап кьритащ Наурызым. Мыри къыщІигъужащ:

- Шумлэ тетым дэж дыщыкІуэм абыхэм я жьлэхэм дыблэкІащ. НэкІэ къыдэплъыхь кхъэжІакъым. Къыдэплъыхь дэнэ къэна, я бжэ-щхьэгъубжэхэр кьрагъэбыдэкІащ дыщыблэкІым.

- Дэ дыхъунщІакІуэ хьэмэ дыпІыукІ? Хьэмэрэ ара телуклар? Сыт пщІэн: араш ди натІэ хъуар. Тхьэм жиІэмэ, ди Іуэхури зэфІэувэжьнщ, гупсэхугъуэ дгъэтэжьынщ. Ди гум Іей илъкъым. Дэ дыадыгэщ, адыгэ хабзэр зэхэдгьнынукъым, дэнэ дыкъыщыхутэми: ар ди псэм хэлъщ, ди лъым хэтщ...

НэгъуэщІи сигу кьоуэ сэ. Сабийр кьалъхури цІэ фІащ. ЦІэ зимыІэ щыІэкъым. Ди жьлэми цІэ фІэтщын хуейкъэ? Хуейщ. Дывгъэнэнджащэ, ди жылэщІэм хуэфащэ цІэ фІэдгъэщ. Сыт къыджепІэн, Багъ и къуэ? Уэ-щэ, Куэблэ и къуэ? Уи акъыли къыхэлъхьэ, Науры и къуэ. Ди жылэм и цІэм къыщІэупщІакъэ фызэдэкІуэр? Сыт яжефІар?

- КъыщІэупщІащ, ауэ жэуап тхуетыжакъым, - Мэсхьэб. - Ди жылэм и цІэм къыщІэупщІащ. Шумлэ дэс тетри. ЦІэ зэримыІэр щажеГэм, ягу ирихьащ. «Дэ фІэтщынщ цІэ!» - къыджаІащ.

- ФІащэ?

«ХьэжрэткІэ феджж щІэмыхъунур сыт?» Араш я щхьэм къихьар.

- «Хьэжрэт» жывоІэ?

- «Іэпхъуэшапхъуэ» - аракъэ абы къикІыр?

- Узахуэщ, - абыкІэ акъылэгъу хъуа къхэхкІащ гупым.

- Дэ дыІэпхъуэшапхъуэщ, абы тепщІыхьмэ, цІэм дэбгъуэн щыІэкъым.

Чэрмытl и щхьэр кьиІэтащ.

- ДыІэпхъуэшапхъуэщ. Ар пэжщ. Арагъэнт тхуэфащэр, - жиІащ лІыжьым.

- Щэч къытепхьэрэ, Чэрмытl?

- КъезгъэкІуркъым а цІэр. Ди жылэ цыкІум хуэзгъэфащэркъым, - жиІащ лІыжьым.

- Хуэбгъэфащэр жыпІэркъэ-тІэ, тхьэмадэ.

Заулкіэ щымри, лІыжьыр щІэупщІащ:

- Дэ абэззэхэм дыщыщ?

- Дыщыщщ. Абэззэхэм.

- Абэззэхэ жылэ фІэдвгъэщ ди жылэ цыкІум. Араш сэ сфІэзахуэр.

ЛІыжьым акъылэгъу дэхъущ гупыр: «Абэззэхэ» фащащ я жылэм.

* * *

ДыГЪЭ къухьэгъущ, бзий плъыжьыкфэхэр жыг щхьэкІэхэм кьахоплъ. Щэджагъуэ лъандэрэ етІысэхакъым Борис - тезагъэркъым, Стефанрэ Тодоррэ поплъэри. Щэрджэсхэм я деж кІуати, щІэвэщІащ тІури.

Иклэм-икІэжьм шу къыІэщІэлъэгъуащ Борис. Стефан уанэгум исщ, Тодор кІэсщ. Шы зырызкІэ ежьащ, зышкІэ къагъэззэжащ - ар зыхухьныр ищІэркъым щІалэм. Стефанрэ Тодоррэ къыщысхьым, Борис и адэшхуэм еупщІащ:

- Сыт къэхъуар? Дэнэ фыщыкІуэдар? Шыри дэнэ фхьа?

- Къэхъуа щыІэкъым. Щэрджэсхэм я деж хьэщІапІэ дыщыІащ, - жиІащ Стефан. - ФІэхъус къуахьжащ.

Шы ІумпІэр и къуэрылъхум Іэщ1ипхьэри, чэтыбжэм Іухьащ лІыжьыр.

- Хэщ1ащ мэлитІрэ щынитІрэ, - жэуап кьритащ Борис. - Щэрджэсхэм яхуэфшар хэщІащ. МэлитІымрэ щынитІымрэ я закъэкъым - ар фыфІэмащІэ хъуащ: зы ши дэвгъэкІуащ.

- Уи ныбжьэгъум жиІэр зэхэпхрэ, Тодор? Уэри акъылэгъу удэхъу хъунущ абы... Фэ фыщІалэщ, фыпхъашэщ, нэхъыжьым федаІуэркъым, щІалагъэм фыщІекъэри. Уи гъунэгъур уи жагъуэгъуэмэ, нэхъыфІ? Хьэ ныбаджэр мэдзакъэ, къупщхьэ хуэбдзмэ, уи гугъу кьищІынукъым. Тыркуэм шэрджэсхэр кьыщІытхуашар, гъунэгъу кьыщІытхуащІар сыт фи гугъэ? ФІырыфІкІэ къыддагъэпсэун щхьэкІэкъым, ныбжьэгъу кьытхуащІын папщІэкъым. Тыркуэр бзаджэщ, шэрджэсхэри нэхъыфІкъым. Ди нэр ятедгъэкІ хъунукъым тІуми. Дащымыхьхэмэ, дапэмыуамэ, дэркІэ нэхъыфІщ. Ди гум илъыр ирамыщІэ абыхэм. Ди гум илъыр дыбзыщІын хуейщ, ди жьэм жиІэр нэхъапэкъым. Жьэм Іэджи жеІэ, уи щэхур уи гум игъэлъ. Уэ бжеСІэнращ, Тодор, уи адэр къэзуКІамрэ шэрджэсхэмрэ я динир зыщ, тыркуэхэри шэрджэсхэри муслъымэнщ. Шэрджэсхэр я хэкум къизыхуар хэт? Абыхэм я хэкур зубыдахэмрэ дэрэ ди диныр зыщ - дэ дычристэнщ. Шэрджэсхэм кьращІар яГъэгъун фи гугъэ? Я нэхъыжьи я нэхъыщІи я гум илъыр зыщ: ялъ зэращІэжьинщ. Урысри болгарри я зэхуэдэщ шэрджэсхэм. Зауэ дыхэхуэмэ, шэрджэсхэр дэ къыддощІын фи гугъэ? КъыддэщІынукъым. Тыркуэм я дзэм хыхьэнрэ къыддэзэунущ. Шыр Чэрмытl лІыжьым зэрестам щхьэкІэ уигу кьыІэумыгъабгъэ. Шы уэстыжьынщ сэ - пщэдей ДГЪЭГЪЭКІынкъым.

- Уи шыр щыпІэщІагъэкІым си адэшхуэм уигъэкІэрси укъихьажащ. ФІыщІэ хуэщІ си адэшхуэм. Ар мыхъуатэмэ, шэрджэс Іэлхэр къоплъэпэуэнти, лъэсу укъаутІыпщыжынт.

И гур тригъэззэгащ Борис и ныбжьэгъу щІалэм, дэгушыІэ зищІурэ.

Тодор и нэщхьыр зэхилъхьащ, и нэр кьицІыщІукІащ.

- Си анэр зэрышэрджэсыпхъур уощІэ, ар къэзэпхъуэну здэнукъым. Си гур хьиумыгъэщ, - жиІащ Тодор. - Си адэм и лъахэр Богдариеращ, сэри си лъахэщ ар. Шэрджэсхэм псалъэжь Іущ яІэщ, ущыгъуазэ?

- КьыжьелІэмэ, щыгъуазэ сыхъунщ.

- «Гупсыси, псалъэ, зыпІлъыхьи тІыс». Абы тет зэпытщ шэрджэсхэр.

Псалъэжьыр адыгэбзэкІащ. Тодор зэрыжиІар. АдыгэбзэкІэ жиІэри, болгарыбзэкІэ зэридзэкІыжащ.

- Уи анэр, Тодор, цІыху губзыгъэт - здэкІуам Тхьэм щигъэтынщ. И пІэпкъэгъуэхэм яІумыпІэ щІыкІэ дунейм ехьжащ тхьэмыщІкІэр - ар игу кьеуагъэнщ, дауи. И анэдэлъхубзэм и закъуэтэкъым уи анэм ищІэр: тыркубзи болгарыбзи ищІэрт. Шэрджэсхэм ящхьэр псэууэ къахьыжмэ, аращ дэ дызыхуейр...

* * *

ПЩІАНТІЭМ дэкІауэ шууищ къыІэщІэлъэгъуащ Чэрмытl. Іэдакъэжьауэ ищІащ.

- Си нэм кьищтэркъым, - жиІащ лІыжьым. - Уэ пщІыхь яхэт шухэм? - еупщІащ къыбгъэдэкъэхэм.

Багъ Мэсхьэб япэ зыкъригъэщащ:

- Зы шур къэсцІыхужащ - Берычэт Зэуалщ.

- Узахуэщ, - жиІащ Наурызым. - Араш. Берычэт Зэуалщ. Адрей шууитІыр сцІыхурхьэм.

- Хэтуи щрет, хьэщІэм хьэщІагъэ ехьн хуейщ, аращ ди хабзэр. Яку дэтыр зыщІыпІэ щысІъэгъуэу къысфІощІ, - жиІащ Чэрмытl дадэм.

Шууищыр къэсри епсыхащ. Сэлам кърахащ.

- Фыкъеблагъэ, ди хьэщІэ лъапІэхэ. Мыбдеж хасэр дыщызэхуос, мыр ди жылэщ - абэззэхэ жылэщ.

- СыкъэпщІыхужыркъэ, тхьэмадэ? - жиІащ хьэщІэхэм ящыщ зым, тыркубзэмрэ адыгэбзэмрэ зэхигъэзэрыкъуэрэ. Мэз лъапэм дыщызэрихьэлІауэ щытащ.

- УкъэсцІыхужащ, - жиІащ Чэрмытl.

- Уи псалъэри сщыгъупщэжакъым. «Тыркуэхэр къызвдэщынущ, филь фщІэжьнумэ, лъыщІэжьыпІэ фихуащ...»

Ар кхъыжеПІауэ щытащ, сщыгъупщэжакъым.

ЛІы быртІымым бгъэдэт щІалитІым елпІащ Чэрмытl. Ахэр щымт, псалъэмакъым кьыхьэртэкъым.

- «ИтІанэ» жыпІэри зыкъэзбгъэщІыхуакъым абы щыгъэ, уи цІэри кхъыжепІатэкъым. ФІыкІэ дызэрихьэлІэжауэ Тхьэм къыщІигъэкІ, - къыщІигъужащ лІыжьым.

Берычэтым япэ зыкъригъэщащ:

- Ди гуэсэр сэ уэзгъэцІыхунщ, - жиІащ абы. - Мурад-бейщ ди гъусэм и цІэр. Шумлэ къэзакІэм къедза тырку жылэхэм псоми къыщацІыху ди гъусэр. Ар зымыщІыхурэ пщІэ кхъыхуэзымыщІрэ дэскъым мы псьхъуэм. Мурад-бей Истамбыли, Бургаси, Варни къыщацІыху, а кьалэхэм я Іэтащхьэхэм ярыщІащ, пщІэ кхъыхуащ, зэрыжьсІащи. Сыт и лъэныкъуэкІи къывдэІэпыкъуфынущ Мурад-бей, и нэІэ фтригъэтынущ, фи лъэІуэр тырку лІыщхьэхэм я деж нигъэсыфынущ. Ди гъусэ ещанэр албанщ, и цІэри араш - Албанщ. Абы тырку бзэри ещІэ, адыгэбзэкІи мэпсэльэф.

- Тхьэразэ кхъахуэу ди хьэщІэхэм. Кьытхьыхэри дагъэгуфІащ. Фынеблагъэ, фыдгъэхьэщІэнщ, - жери хьэщІэхэр иришэжьащ Чэрмытl дадэ.

Унэм хьэщІэхэр ириша нэужь, лІыжьыр Берычэтым еупщІащ:

- Уэ уи Іуэху сытым тет, сыт бгъахъэрэ?

- Іейкъым си Іуэху, - жиІащ Берычэтым. - Адыгэ Іуэхущ зетхуэр, зэи зыщыщэгъэупщэркъым ар си пщэ зэрыдэлъыр. Нобэ-пщэдей Истамбыл сыкІуэн мурад сиІэщ. Пащтыхь гуащэм сыхуагъэзэнкІэ согугъэ. Пащтыхь гуащэр ди лъэпкъэгъуэ. Ар фщІэркъэ?

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Тхыдэр къыпхуитхыкIыжынукъым

● Гъуазджэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, гъэ къэси хуэдэу, накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ «Письма огненных лет» гъэлъэгъуэныгъэр. Зэхыхьэр иригъэкIуагкIа КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

ВЫСТАВКЭМ щагъэлъагъуэ республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэта зауэлIхэм къащIэна хьэпшыпхэр, тхылъхэр, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьа сэлэтхэм къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэр, зауэ зэманым Налшык и типографием щытредза дзэ плакатхэр. Къыжьлапхъэщ, фронтым щыIэ, зи IэщlагъэкIэ зэхуэмыдэ сэлэтхэм къагъэхьа письмохэр, ятеуэ утыку къыщрихьэр. Абыхэм кьахощ зауэлIхэм Хэкум хуаIа лъагъуныгъэр, зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Анэхэм, адэхэм, бынхэм, щхьэгъусэхэм, ныбжьэгъухэм яхуэгъэза а тхыгъэхэр ди сэлэтхэм Белоруссием, Украинэм, Польшэм, Чехословакием, нэгъуэщI къэралхэм кьратхыкIащ.

Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ цIыхубэм Хэкум хуаIа лъагъуныгъэ, пэжыгъэ иным я фIыгъэкIэ кьэралыр бийм щахъумэнырэ цIыхухэм кьаззрехьулIар, ТекIуэныгъэр кьытхуэзыхьахэм щхьэхуитыныгъэмрэ я лъахэмрэ япэ иригъащ зэрыщымыIар, нэмыщхэм ди щIыпIэм лей куэд зэрыщызэрахьар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэр дэтхэнэ зы унагъуэми лъэIэсащ, абы и лъэужьыр нобэр кьыздэсым гъущакъым. ЩIэблэм ящыдгъэгъупщэ хьунукъым 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м совет зауэлIхэм ТекIуэныгъэ Иныр тынш кьаззэрыIэрымыкьар, абы уасэшхуэ - цIыху мелуан 27-м я гъащIэр - зэрыщIатар. Псом хуэмыдэу тхыдэр кьизытхыкIыжыну зи мурадхэр зауэлIхэм я нэгу щIэкIахэр, тхыдэр кьыщыгъэлъагъуэжауэ кьагъэхьа а тхыгъэхэм Iэмал имыIэу зыхагъэгъуэзэн хуейщ. Тхыдэр кьыпхуитхыкIыжынукъым. Араущи, ТекIуэныгъэ Иным теухуахэр щIэблэр хуэсакъыу яхъумэн хуейщ. Зи псэ емыблэжу мамыр гъащIэ кьытхуэзыхьахэм я фэеплъыр зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэIа дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхузощI. Тхыдэр зи лъабжьэ выставкэм республикэм ис псори еплъын хуейщ, а зауэ шынагъуэм хуэдэ дяпэкIэ къэмыхъун папщIэ. Мыбы щытлъагъу сурэтхэр, тхыгъэхэр дэркIэ нэхьри лъапIэщ, Хэку зауэшхуэм и курыкупсэм хэтахэм я фэеплъщи.

Апхуэдэу Къумахуэм кьыхигъэщащ зауэм хэтахэмрэ абы зи сабиигъуэр хиубыдахэмрэ цIыхухэм хуаIэ лъагъуныгъэр зэрымыкIуэщIар гуапэ зэрыщIхьэр, сыт хуэдэ гуэзвэгъуэ кьэхъуми цIыхугъэ яхэлъу кьэнэжьын зэрыхуейм и щапхъэ куэд нэхъыжьхэм зэрыдагъэлъэгъуар. Министрыр кьызэхуэсасэм ТекIуэныгъэм и мазхэшхуэмкIэ екъуэхъуащ.

МВД-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм и унафэщI **Демьяненкэ Эдуард** кьедджащ зауэм сэлэтхэм кьрагъэжа тхыгъэхэм. Абы ягу кьигъэкIыжащ зауэлIэм Iут и адэм 1943 гъэм Ленинград кьикIыу гугьэкIэ гъэщIагъэ кьахуигъахьа письмор. Кьэпсалъэм кьыхигъэщащ совет зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм зэрыригушхуэр, щIэблэр хэку лъагъуныгъэм зэрыщIапIыкIыр, кьуэшыкхъэхэм, хэкIуэдахэм я фэеплъэм зэрыкIуэр, мылIэжьын полкым жьыджэру зэрыхэтыр гуапэ зэрыщыхьар. Абы кьыдэкIуэу ныбжьыщIэхэр кьыуриджащ я нэхъыжьхэм, щIалъэм, курыт еджапIэм пщIэ хуащIыну, кьэралым и пащдэйр, и зыужьныныгъэр зэпльыта щIэблэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну.

Накуэ Феликс жиIащ Налшык кьалэм кьыхуагъэфэща «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ нагъыщэр я музейм зэрыщахьымэр икIи щIигъужащ Хэку зауэшхуэм и зэманым кьалэдэсхэм кьагъэлъэгъууэ щыта лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ а дамыгъэ лъапIэр кьызэрыпэкIуар. КъБР-м и МВД-м и тхьдэ музейм и унафэщI **Черновэ Алёнэ** Лъэпкъ музейм щахъумэну тыгъэ хьахуищIащ я Iуэхущапlэм зэрымыщIэкIэ кьыщагъэта хьэпшып лъапIэр - Хэку зауэшхуэм Кавказыр хуит кьэзыщIыжу хэкIуэда зауэлIхэм я сурэтхэр.

Республикэ военкоматым кьикIа **Мэрзей Хьэдис** кьыщIэтеувыIащ нагьыгъэм и 9 махуэшхуэм и мыхьэнэм, совет зауэлIхэр кьэралым и щхьэхуитныныгъэм зэрыщIэбэнам, ди цIыхухэр зэтезыкIуэ ди щIыналъэхэр зыIэщIэзыбыдэну хэта нэмыцэ зэрыпхъыкIуэхэм я мурад флейхэр кьаззремыхъулIам, ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ Хэкур хуит кьыззрещIыкъам, совет зауэлIхэм Рейхстагым ди ныпыр зэрыщагъэувам. Мэрзейм зэхьхьэм кьрихьэлIа щIэблэр кьыхуриджащ а махуэр ягъэлъэпIэну, абы иращIкI фэеплъ зэхьхьэхэм жьыджэру хэтыну, мамырыгъэм зи псэ щIэзытахэр зыщамыгъэзыпущIну, блэкIам, тхьдэм дерс кьыхахыну, апхуэдэ зауэ кьамыгъэхьуну, ди кьэралым, республикэм иригушхуэну.

Тхьдэ фэеплъэр хъумэныкIэ урысейпсо Iуэхущапlэм и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Созаев Ахъмэт** кIэщIу тепсэтыхьащ 115-нэ щуудзэм хэтахэм я щхьэм гуэзвэгъуэшхуэ кьызэрикIуам, зауэлI минхэр зэрыхэкIуадам, абы хэтахэр мылIэжьын полк зэрыхъуам.

Еджакlуэхэу Къумыкъу Руслан, Бурин Даниил, Нагиев Хьэсэн, Вэроквуэ Даянэ, Бэдракъ Аслъэн, Баджмук Карл сымэ гъэхуауэ кьеджащ зауэм хэта, зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ орденхэмрэ медалхэмрэ зыхуагъэфэща усакIуэзэу Шубин Павел, Симонов Константин, Твардовский Александр, Друнинэ Юлие, КIыщокъуэ Алим, Щоджэнщыкlу Алий, Кулиев Кьайсын сымэ я Iэдакъэ кьыщIэкIа усэхэмрэ поэмэхэм щыщ пычыгъуэхэмрэ. Апхуэдэу Мустафаев Аслъэнбэч зауэм хэта ветеранхэм фIыщIэ яхуищу итха усэм кьызэхуэсасэм кьахуеджащ.

Гуапэт гъэлъэгъуэныгъэм ныбжьыщIэ, щIалъэгъуэ куэд кьызэрекIуэлIар. Республикэм и усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм щIэблэр зэрыщIапIыкIым хуэдэу, мы лэжьыгъэхэри лъапIэщ, гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зиIэщ, къуэрыкI и блэкIар, и тхыдэр ныбжьыщIэхэм егъэщIэнымкIэ щхьэпэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм еджэныгъэмкIэ республикэпсо зэпеуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ щыIэ комиссэм и жэрдэмкIэ кьызэрагъэпэща зэпеуэм епщIанэ классым щеджэ ныбжьыщIэ 70-м нэблагъэ хэтащ. Республикэм и кьалэхэмрэ щыналъэхэмрэ кьикIа школакIуэхэм кьызэхуэсахэмрэ кьэпщытакIуэ гупым хэтхэмрэ ятхьакъуат. ЖыпIэнурахъэ, ныбжьыщIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыхуагъэхьэзырат зэпеуэм, ар я усэм щIэт макъамэ е сурэт ирехьу. КъэпщытакIуэхэм кьалэн тынштэкъым кьапэщIылъыр. Абыхэм ныбжьыщIэр усэм гъэхьэт, щIэщыгъуэу кьызэреджа, актёр Iэзагъыу бгъэдэлъыр, и фащэмрэ жиIэ усэмрэ зэрызэхуэкIуэр кьалъытэрт, кьищынэмыщIауэ, езым зэхилъхьэжа усэ кьеджэм балл лей хуащIыурт.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, япэ уеуплэр **Кьесын Алексейрэ** (Налшык, курыт школ №21) №9-м щеджэ **Вэрылl Марьянэрэ** (Налшык, курыт школ №9) зэдагуэшащ. Тырныауэ кьалэ дэт курыт школ №6-м щеджэ **Аппаев Замир** етIуанэ уеуплэр хуагъэфэщащ. Ахэр щIыхь тхылърэ фэеплъ саугъэтэхэмкIэ ягъэпэжащ.

- Кьыхэзгъэщыну сыхуейт ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ зэпеуэм зэрыхэтам и щыхьэт тхылъхэр зэрахуедгъэхьыжынур. ЕкъулIэныгъэ фи бэу, фыкъызыхэкIа лъэпкъыр, республикэр, кьэралыр щIэгушхуэн цIыху кьыфэхэкIыну сыфхуохьэхъуэ, - захуигъэзащ ЩIалэгъуалэ советым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ комиссэм и унафэщI, зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэ **ЛийЛанэ**.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Зэпеуэ

Текlуахэр филологие щIэныгъэхэм я доктор Хьэкlуащэ Мадинэ егъэлъапIэ.

НыбжьыщIэ 70-м нэблагъэ хэтащ

Зэпеуэр щекIуэкIым.

● Налшык

Къалэр ягъэщIэращIэ

«Горзеленхоз» Iуэхущапlэр гъатхэ Iуэхуэм яужь итщ. Мэлыжьыхьым и кIэуэм екъулIэу зэфIагъэкIынущ удз гъэгъа гъэтIысыпIэхэмрэ абыхэм я Iэгъуэблагъэхэмрэ гъэкъэбзэнри гъдэдэнри.

ГУ ЛЪЫФТАГЪЭНЩ МУП-м и лэжьакIуэхэм гъущI гъэзгу вокзалым и гупэ утыр зэрагъэщIэрэщIам. Иужьрей илъэси 5-6-м абдежым щагъэкIа удэхэр ирахри, и пэ зэманхэм ар зыгъэдахэу щыта роэз зэмыфэгъуэхэр хасжащ.

Лениным и проспектымрэ Осетин уэрамымрэ щызэхыхьэм деж илъэсищ-плIы и пэкIэ щагъэува шар ныкъуэр кьагъэкъэбзащ. Абы елэжьхэм зэрыжаIамкIэ, ар тхьэмпIэ зэмыфэгъуэхэр зытет удз лъахъшэхэмкIэ ягъэдэхэнущ, и лъащIэ зызыубгъуар епэр хужьхэмкIэ щIауфэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Гъэлъэгъуэныгъэм фрагъэблагъэ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм накъыгъэм и 29-м щекIуэкIыну «Свадьба и Выпускной бал-2016» выставкэм фрагъэблагъэ зи нэчыхь езыгъэхыну зи мурадхэмрэ курыт еджапIэхэр къэзыухэмрэ.

АБы ЕКIУАЛIЭХЭМ Iэмал фиIэнущ хьэгъуэлIыгъуэхэр, махуэшхуэхэр, гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр иужьрей зэманым кьызэрызэрагъэпэщ, ахэр зэрырагъэкIуэкI хабзэхэм зыхэгъэгъуэзэну. Апхуэдэу гъэлъэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэхэм хьэпшыпхэмрэ уасэхэмрэ хукIэрагъэхунущ. Зэхьхьэр «Жених и невеста» журналым кьызэрегъэпэщ. УпщIэ зиIэхэр фыспалъэ хъунущ мы телефонымкIэ **8 967 - 415 - 83-73.**

Журналистхэр зэхашэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ и управленэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым зэныбжьэгъугъэмрэ мамырыгъэмрэ я щIыналъэщ» хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я республикэпсо зэпеуэ кьыхилъхьащ.

АДЭЖЬ хэкум кьызыгъэзэжакэр ди деж зэрыщыпсэум, гъащIэм зэрыхэзагъэм, я щыIэкIэ - псэукIэм теухуа тхыгъэ зи Iэдакъэ кьыщIэкIа журналистхэр, редакцэхэр абы хэтыну ирагъэблагъэ.

Зи гугъу ящI унэтIныныгъэмкIэ 2015 гъэм, 2016 гъэм и япэ мазищым эфирым кIуа нэтын е газетым кьытрадза тхыгъэ зиIэхэм зэпеуэм ирагъэжь хьунущ.

Пэжьыгъэхэр накъыгъэм и 25 хьуху Налшык кьалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 57-нэ унэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ и управленэм ирахьэлIэ хьунущ.

Зэпеуэм теухуа хьыбар КъБР-м и Правительствэм и порталым *(www.pravitelstvo.kbr.ru)* Управленэм щиIэ нэпкIэуэцIым кьыщыбгъуэтыфынущ *(http://pravitelstvo.kbr.ru/oigv/uvigodn/)*

Упщ1э зиIэхэр 8(8662)77-83-35 телефонымкIэ фыспалъэ хъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ и управленэм и пресс-Iуэхущапlэ.

ТекIуэныгъэм хуешэ

● Шыгъажэ

ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу Налшык и ипподромым зи чэзу шыгъажэ махуэр щекIуэкIащ. ЦIыхухэр абы куэду къекIуэлIат.

КЪРИХЬЭЛIАХЭР пщIэншэу шыгъажэм еплъыну Iэмал зэрагъэхьа къыщынэмыщIауэ, губгъуэ пщэфIапIэ къызэIуахам щрагъэшхащ гречкэрэ лырэ зэщIэлъу, лэкъум, кхъуей.

Шыгъажэ махуэм и саугъэт нэхъыщхьэр къэхъуным хуэаха зэхьэзэхуэр япэ ирагъащащ. Метр 1600-рэ зи кIыхьагъ гъэгуанэм нэхь лъащIэ кьыщIалъытэрт Байрамуковым иш Зубаррэ Сэкрэк Заур и гъэхъун Итколрэ. ИкIи пэж дыдэу а тIум я зэпэщIэтыныгъэм зэдэжэм и япэ секундхэм щыщIадзащ. Иужьрей метр 300-м пашэныгъэр иубыдащ Иткол. Арщхьэкlэ Зубаир дригъэкIуэкIа бэнэныгъэ гуащIэм ар апхуэдизкIэ игъэмэхати, иужь итахэм яхэту кьакIуэуэрэ напIэзыпIэм зизыча Эриомар кьыпIэщIыхьэжащ. ИкIи финишым зэгъэсу къэсащ. Иджы текIуар наIуэ зэращIынур траха сурэтымкIэт. КьызэрыщIэкIамкIэ, Шыкъ Астемыр кьиригъэжа Эриомар миллиметр зыбжанэкIэ япэу финишым зэпрыкIащ.

КьыкlэлъыкIуэ саугъэтым, 115-нэ зы дивизэм и щIыхькIэ игъэувам, километритI гъуэгуанэм щыщIэбэнащ шы нэхъыжьхэр. Шыгъажэм дихьэхэм зэрыхуагъэфэщам хуэдэу, зэманыфIкIэ кьыкIэлъыкIуэм щхьэдэхри, япэу кьэсащ «Малкинский» шы заводым и гъэхъун, шууей Шыкъ Астемыр зытеса Сармат.

Адэкlэ кьекIуэлIахэр дихьэхауэ кIэлъыплъащ адмирал Головко Арсений и фэеплъ саугъэтым щIэбэна илъэситI ныбжьым ит шыхэм я кьыздэжьмкIэ. Налшык кьалэм и саугъэтыр метр 1600-рэ зи кIыхьагъ гъэгуанэм кьыщихьащ «Малкинский» шы заводым и гъэхъун Камилэ. Иужьрей финишым япэу кьиригъэсащ махуэшхуэм нэхъапэгъэкIэ текIуэныгъищ кьыщызыхьа шууей Шыкъ Астемыр.

- Нобэрей махуэшхуэр тхуэгуфIурлын Тхъэм ищI! Адыгэ лъэпкым ижьыкъ лъандэрэ шыхэр фIыуэ долъагъу. Шыгъажэхэм сытым дежи дыдеиэх. Илъэсилл ныбжьым кьыщыщIэдзауэ си кьуэш нэхъыжьхэм шыгъажэхэм сыкъызыдашэн щIадзащ икIи ар хуабжу си гум щыбащ. ИкIи Урысейм щекIуэкIхэм кьищынэмыщIауэ, хамэ къэралхэми сыкIуэурэ дишхэм я кьызэжьмкIэ сыкIэлъыплъ. - жиIащ Наран къуажэ щыщ Хьэждэгу Анатолэ. - Ди илподромым иджыпсту зэрыува щытыкIэ дахэр и фIыщIэу къэплъытэ хъунущ абы и унафэщI Щоджэн Хьэчим.

КьыкlэлъыкIуэ шыгъажэ махуэр Налшык и ипподромым щызэхэтынущ нэкьыгъэм и 29-м. А махуэм лъэпкъыш къабзэхэр щIэбэныну «Спринтерский», «Фанта» саугъэтхэм.

КЪЭХЪУН Бэч.

Махуэхэ я фэеплъ зэхыхьэ

● Футбол

Ажалым зэхэдз ищIыркъым балигъи сабии, цIыхухъуи цIыхубзи. Псори и зэхуэдэщ. ЩIэхщIэхьурэ ди нэгу щокI е зэхьидох гъуэгу насыпныншагъэм фэбжь хэзыхахэм е хэкIуадахэм я хьыбар. Зым гъэгурм зэрыщызекIуэ хабзэхэм тету автомашинэр кьрихуэкI кьудейIа зэфIэкIыркъым, атIэ абы кьыдэкIуэу, зыщыпхъумэн хуейщ гъуэгум кьыбдыгет адрей транспортхэр зезыгъаIэкIуэхэми.

«2014 ГъЭМ шыщхьэУмм и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгу насыпныншагъэшхуэ кьыщыкIуащ. «Кавказ» трассэм и 410-нэ километрым Кьубэ-Тэбэ къуажэ къыздэжьмIэм ВАЗ-2110-р жьэхэлъадащ «Лада-Приора»-м. Зэжьэхэуэм хэкIуэдащ автомашинэхэр зезыгъэкIуаэхэр, зым иса щIалэщIэр, адрейм кьриишэкIа илъэс 38-рэ зи ныбжь цIыхухъэмра, илъэс фIэкIа мыхъу хъэджэбэ цIыкIымра. «Приора»-м иса цIыхубзыр хьэлъэу сымаджэщым яшащ», - апхуэдэу абы щыгъуэм кьатащ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм.

«Лада-Приора»-м иса хэщ Сэрмакъ къуажэ щыщ Махуэхэ я унагъуэ - зэжьэуэшитI Мураттэ Замиррэ, Замир ипхъу щIыкIымрэ и щхьэгъусэмрэ ящIыгъуу.

Мы гъэм ильэситI ирикъунущ Махуэхэ я мызакъуэу, жылэ псом а гуаузуэхэр кьызэрытепсыхэрэ.

Автомобиль насыпныншагъэм зи гъащIэр зыхьа зэкъуэшитIым кьыдэлэжьэхэмрэ я ныбжьэгъуэмрэ я жэрдэмкIэ Мурат кьыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу кьызэрагъэпэщащ мини-футболымкIэ школакIуэхэм я зэхьэзэхуэ. ЗэрыжаIэжьымкIэ, езы щIалэхэр кьыщалъхуу щытаущ. Егъэлеян хуну кьыщIэкIынкъым зэкъуэзшэр кьуажэм и мызакъуэу, район псомиз фIыжьхэмэ.

- Мураттэ Замиррэ кьыдэлэжьахэм, я ныбжьэгъуэм, я кьуэшхэм иджыблагъэ кьыхалъхьащ щIалэхэм я фэеплъ зэхьэзэхуэ кьызэрагъэпэщыну я мурадэу. Апхуэдэ хьыбар кьыщыгIэрыхьэм дэри абыхэм защIэдгъэкъуащ, - жиIащ Сэрмакъ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Махуэ Руслан. - Сэ кьуажэмии лъэпкъым кьафIэщIыну фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ абыхэм. Зэхьхьэм нобэ кьрихьэлIащ жьлэм и депутатхэр, нэхъжьыхьэр, Махуэ лъэпкъым щыщхэр.

Сэрмакъ и физкультурэспорт комплексым и джэгупIэ губгъуэм кьыщыззхуэсат кьуажэм дэт школхэм я командэхэм кьищынэмыщIауэ, Малкэ, Кьармэхьэблэ курыт еджапIэхэми зэхагъэува футбол джэгуакIуэ гупхэр - псори зэхэту команди 7.

ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэм пашэ щыхъуащ Кьармэхьэблэ дэт курыт еджапIэ №1-м и командэр. Абы кьакIэлъокIуэ Малкэ къуажэм и щкол №3-м и командэр кьыщIухэр. Ещанэ уеуплэр кьахьащ Сэрмакъ дэт Лыдыждэм и цIэр зехьхьэ курыт еджапIэ №2-м.

Махуэхэ Мураттэ Замиррэ кьыздэлэжьэхэмрэ я ныбжьэгъуэмрэ кьабгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ хэтахэмрэ кубокэр, грамотэхэр, топхэр, футболкэхэр ираташ. Кьуажэ администрацэм кьыбгъэдэкIыу саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ зэпеуэм и Iуащхьэтет, гъуащхьэхъумэ нэхъыфIхэм, гъуащхьэуэ нэхъыфIэхэм, гъуащхьэуэ нэхъыфIэзэм.

КьызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ иджырей зэхьэзэхуэм хуэдэхэр илъэс кьэс ирагъэкIуэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Зэпеуэм кьыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэр ягъэлъапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Хьэрэдуэ Алиэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Долэ Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №661